



## Agriculture and Markets

The industry specific guidance below was developed by the Department in response to the pandemic and is no longer mandatory. These archived documents are made available as a public reference and resource only.

Industry partners should refer to [New York Forward Guidance](#) for the most up-to-date information regarding COVID-19. For more information, please visit <https://agriculture.ny.gov/coronavirus>.



ANDREW M. CUOMO  
Gouvènè

RICHARD A. BALL  
Komisè

## MIZAJOU NAN ENSTRIKSYON PWOVIZWA POU MAGAZEN ALIMANTÈ AN DETAY YO PANDAN IJANS SANTE PIBLIK COVID-19 LA 28 septanm 2020

---

### Objektif

Yo te kreye enstriksyon sa a pou bay pwopriyetè/operatè magazen alimantè an detay yo ak kliyan yo mezi prekosyon anplis yo kapab pran pou ede pwoteje popilasyon vilnerab yo nan New York pandan ijans sante piblik sa a lè yo nan anviwònman sa yo. Pwopriyetè/operatè magazen alimantè an detay yo dwe kontinye swiv [Enstriksyon Pwovizwa](#) (Interim Guidance) Depatman Sante a preskri pou biznis Vant an Detay Esansyèl yo.

Nan objektif enstriksyon sa a, magazen alimantè an detay yo dwe gen ladan men pa sèlman gwo makèt yo, bodega oswa boutik yo, boulanje yo, mache espesyalize yo, gwo magazen ki vann pwodui alimantè an gwo yo, ak klèb antrepo yo.

### Enfòmasyon Jeneral

Nan dat 7 mas 2020, Gouvènè Andrew M. Cuomo te pibliye [Dekrè Egzekitif 202](#) (Executive Order 202) a, ki deklare yon eta ijans katastwòf pou reponn a COVID-19. Anplis, nan dat 20 mas 2020, Gouvènè Cuomo te anonse tou "Lwa Matilda a" (Matilda's Law), ki se yon seri rekòmandasyon pou pwoteje popilasyon ki pi vilnerab yo nan New York, ki gen ladan moun ki gen laj 70 lane oswa plis yo, moun sistèm iminitè yo afebli, ak sila ki deja gen lòt maladi yo, pou anpeche yo trape COVID-19. Moun New York sa yo dwe fè efò pou yo rete lakay yo epi limite vizit a sèlman manm fanmi pwòch oswa zanmi pwòch yo ki bezwen asistans.

Transmisyon kominotè COVID-19 deja rive toupatou nan New York. Moun New York yo te pran responsablite epi yo te respekte egzijans kachnen ak lòd distans sosyal yo, sa ki pèmèt eta redui to transmisyon an a youn nan nivo ki pi ba nan peyi a. Nan dat 26 avril 2020, Gouvènè Cuomo te anonse yon apwòch pa etap pou reyouvri endistri ak biznis yo nan New York kote faz yo ap baze sou yon analiz rejyonal ki akse sou done yo, sa ki te pèmèt Eta a reyouvri prèske tout biznis ak endistri yo avèk siksè nan yon fason ki pwoteje sante ak sekirite piblik.

### Enstriksyon K ap Afekte Popilasyon Jeneral la

Magazen alimantè an detay yo dwe pèmèt sèlman granmoun aje ak moun sistèm iminitè yo afebli fè makèt ant orè 6:00 am a 8:00 am, pandan premye èdtan lè magazen an ouvri, oswa anvan yo ouvri magazen an pou popilasyon jeneral la, si sa posib.

Anplis, magazen alimantè an detay yo dwe swiv epi itilize enstriksyon Gouvènè Andrew M. Cuomo, Depatman Agrikilti ak Mache (Department of Agriculture and Markets) yo, ak Depatman Sante (Department of Health, DOH) a, preskri yo, ki gen ladan "[Enstriksyon Pwovizwa pou Netwaye ak Dezenfekte Etablisman Fabrikasyon Pwodwi Alimantè oswa Magazen Alimantè an Detay yo pou COVID-19](#)" (Interim Guidance for Cleaning and Disinfection of Food Manufacturing Facilities or Food Retail Stores for COVID-19), ak postè "[SISPANN PWOPAGASYON AN](#)" (STOP THE SPREAD).

Magazen alimantè an detay yo dwe poste avi ki annapre la, oswa yon avi parèy li, nan antre chak magazen an detay yo:

\*\*\* AVI POU TOUT KLIYAN YO \*\*\*  
POU REPONN A IJANS SANTE PIBLIK COVID-19 LA, N AP KONSEYE  
GRANMOUN AJE AK MOUN SISTÈM IMINITÈ YO AFEBLI POU YO FÈ  
ACHA YO ANT 6:00AM AK 8:00AM,  
PANDAN PREMYE ÈDTAN FONKSYONMAN, OSWA  
AVAN MAGAZEN AN OUVRI POU POPILASYON JENERAL LA.

Pou ede evite pwopagasyon COVID-19, pwosedi ak apwovizyonman yo ta dwe an plas epi disponib pou ankouraje bon jan ijyèn pou men ak ijyèn respiratwa, ansanm ak netwaye ak dezenfekte espas ki gen anpil risk yo (pa egzanp, twalèt, antre, soti, pwen vant tèminal yo, elatriye) regilyèman, nan tout magazen alimantè an detay yo. Yo dwe mete pwosedi an plas pou dezenfekte kote moun manyen souvan yo pandan jounen an, ansanm ak pwen vant tèminal yo nan kès yo.

Yo dwe poste [afichaj](#) (Signage) ki ap ankouraje distans sosyal ak bon jan ijyèn yo yon kote ki vizib pou tout moun wè, epi yo dwe raple anplwaye yo de pwotokòl Eta tabli nan [Enstriksyon pou Magazen Alimantè an Detay yo](#) (Retail Food Store Guidance).

### **Enstriksyon K ap Afekte Pwopriyetè/Operatè Magazen Alimantè An Detay yo**

Magazen alimantè an detay yo ta dwe aplike tou mezi sekirite sa yo nan magazen yo:

- Pwomouvwa yon distans sosyal 6 pye pou anplwaye ak kliyan yo, lè sa posib. Magazen alimantè an detay yo ta dwe konsidere itilize yon endikatè, tankou yon makè sou planche a, nan liy kote moun peye yo oswa nan nenpòt lokal kote kliyan yo ka rasanble (pa egzanp, liy kote yo achte manje yo, kontwa vyann oswa pwason), pou endike kote ke kliyan yo ta dwe kanpe pou ka kenbe yon distans 6 pye ant youn ak lòt.
- Magazen alimantè an detay yo ta dwe fè efò pou yo minimize kote moun manyen yo pou pwodwi an detay yo, epi yo ta dwe ankouraje kliyan yo mete pwòp acha yo nan sachè poukont yo, si sa posib.
- Chèche limite kantite kliyan ki nan magazen an, a tou moman, a 50% kapasite magazen an, ki enkli anplwaye yo.
- Bay sèvyèt dezenfektan nan pwen antre yo pou kliyan yo ka dezenfekte charyo yo, nan kès lajan kach yo, ak/oswa lòt espas ki apwopriye yo, jan sa posib.
- Asire ke manje cho oswa frèt ke yo prepare alavans yo disponib pou livrezon oswa pou moun al manje lakay yo sèlman.
- Elimine tout echantyon oswa goute gratis ki ouvri yo, tankou moso manje yo oswa manje yo prepare yo.
- Poste afichaj yo byen klè, gade egzanp ki anba la, deyò ak anndan magazen an pou raple moun yo sa ki annapre la yo:
  - Mask pou Kouvri Figi yo
    - Dapre lalwa aktyèl Eta a, yo dwe mete kachnen anndan magazen vant an detay yo. Presizeman, nenpòt moun ki gen plis pase dezan epi ki pa gen okenn maladi ki anpeche l tolere yon kachnen dwe kouvri nen l ak bouch li ak yon mask oswa yon kachnen ki fèt ak twal lè yo nan yon espas piblik annakò ak Dekrè Egzekitif 202.17 ak 202.18 la, ak nenpòt lòt dekrè ki vini apre yo ak règleman Soupati 66-3 ("Subpart 66-3") Depatman Sante a. Gade tou nan [Enstriksyon Pwovizwa ki nan Dekrè Egzekitif 202.17 ak 202.18 Ki Mande pou Moun Mete Mask pou Kouvri Figi yo lè yo an Piblik Pandan Epidemi COVID-19 la, 17 avril 2020](#).
    - Magazen alimantè an detay yo ak moun ki otorize aji nan non yo pral p ap kite okenn moun ki pa konfòme li antre epi yo dwe konfòme yo avèk tout egzijans ki nan règleman Soupati 66-3 ak nenpòt enstriksyon ki aplikab. Gade: [https://regs.health.ny.gov/sites/default/files/pdf/emergency\\_regulations/Enforc](https://regs.health.ny.gov/sites/default/files/pdf/emergency_regulations/Enforc)

[ement%20of%20Social%20Distancing%20Measures.pdf](#)

- Yo dwe aplike egzijans sa yo nan yon fason ki konsistan ak Lwa Federal an Favè Ameriken ki gen Andikap yo (American with Disabilities Act), Lwa sou Dwa Moun (Human Rights Law) Eta New York oswa Vil New York, oswa nenpòt lòt dispozisyon lwa ki aplikab.
- Anplwayè yo dwe bay travayè esansyèl yo kachnen gratis pou yo mete lè y ap entèraji ak piblik la dapre [Enstriksyon Pwovizwa ki nan Dekrè Egzekitif 202.16 la Ki Mande pou Moun Mete Mask pou Kouvri Figi yo lè yo an Piblik Pandan Epidemi COVID-19 la, 14 avril 2020](#).
  - Kite sèlman yon manm fanmi a antre nan magazen an alafwa, si sa posib.
  - Jete ekipman pou pwoteksyon pèsonèl yo kòm sadwa Pa kite yo nan magazen yo oswa nan charyo acha yo.
  - Respekte limitasyon ke yo te mete sou kantite moun ke yo te pèmèt antre nan magazen an.
  - Respekte orè acha espesyal yo pou granmoun aje ak moun sistèm iminitè yo afebli.
  - Pa diskrimine kont moun ki mete yon mask ki kouvri figi yo.
  - Bay aksè a etablisman kote pou moun lave men yo, ansanm ak twalèt piblik yo, ansanm ak dezenfektan pou men ki gen alkòl yo, jan sa posib.

Magazen alimantè an detay yo ta dwe aplike tou mezi sekirite sa yo pou anplwaye yo:

- Pèmèt travayè yo mete ekipman pou pwoteksyon pèsonèl yo, ki enkli mask pou figi yo ak gan yo. Yo dwe bay anplwaye yo bagay sa yo. Anplwaye yo gen pèmision tou pou yo mete pwòp mask pou figi yo ak gan yo.
- Jan sa posib, pèmèt travayè ke yo konsidere kòm vilnerab pou COVID-19 yo (pa egzanp, moun ke yo konsidere ki anba Lwa Matilda a) pou yo altène atribisyon travay ki ekspozè mwens a kliyan yo, oswa, jan sa posib, pèmèt yo rete lakay yo.
- Yo dwe fè aranjman rezonab pou moun ki pa ka mete yon mask.
- Fèmen magazen an pandan yon peryòd tan chak jou pou pèmèt yo fè bon jan netwayaj ak/oswa dezenfeksyon, jan sa posib.
- Pèmèt anplwaye yo pran tan poz ki sifizan pou yo ka lave men yo, lè sa nesèsè.
- Respekte egzijans ki dekri nan enstriksyon an:
  - DOH - [https://coronavirus.health.ny.gov/system/files/documents/2020/04/doh\\_covid19\\_eo20216employeefacecovering\\_041420.pdf](https://coronavirus.health.ny.gov/system/files/documents/2020/04/doh_covid19_eo20216employeefacecovering_041420.pdf)
  - Swiv enstriksyon sou netwayaj ke DOH ak Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) yo preskri yo:
    - DOH – [https://coronavirus.health.ny.gov/system/files/documents/2020/06/agm-doh\\_covid19\\_cleaningfoodstores\\_rev\\_041820.pdf](https://coronavirus.health.ny.gov/system/files/documents/2020/06/agm-doh_covid19_cleaningfoodstores_rev_041820.pdf)
    - CDC – <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/daily-life-coping/essential-goods-services.html>

**Pou w jwenn plis enfòmasyon sou entèvansyon Eta New York ap fè pou COVID-19, tanpri ale sou:**

Paj wèb COVID-19 Depatman Sante New York la  
<https://www.health.ny.gov/diseases/communicable/coronavirus/>

Paj wèb COVID-19 Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi Etazini an  
<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/>

Egzanp afichaj nan antre magazen yo:

**\*\*\* AVI POU TOUT KLIYAN YO \*\*\***

POU REPONN A IJANS SANTE PIBLIK COVID-19 LA AK RÈGLEMEN 10 NYCRR  
SOUPATI 66-3 SANTE PIBLIK ETA NEW YORK LA

**PWOPRIYETÈ MAGAZEN YO PA DWE KITE KLIYAN KI PA METE KACHNEN YO  
ANTRE NAN MAGAZEN YO**

TOUT KLIYAN YO **DWE** METE YON KACHNEN PANDAN TOUT TAN YO ANNDAN  
MAGAZEN AN<sup>(1)</sup>

YON SÈL MANM FANMI AN DWE FÈ ACHA YO ALAFWA

YO DWE JETE EKIPMAN POU PWOTEKSYON PÈSONÈL YO LAKAY YO EPI  
RESPEKTE LIMITASYON MAGAZEN AN YO

KLIYAN YO DWE RESPEKTE ORÈ ESPESYAL YO TABLI POU GRANMOUN AJE AK  
MOUN SISTÈM IMINITÈ AFEBLI YO FÈ ACHA YO

(1) Presizeman, nenpòt moun ki gen plis pase dezan epi ki pa gen okenn maladi ki anpeche l tolere yon kachnen dwe kouvri nen l ak bouch li ak yon mask oswa yon kachnen ki fèt ak twal lè yo an piblik

POU REPONN A IJANS SANTE PIBLIK COVID-19 LA, N AP KONSEYE GRANMOUN  
AJE AK MOUN SISTÈM IMINITÈ YO AFEBLI POU YO FÈ ACHA YO ANT 6:00AM AK  
8:00AM, PANDAN PREMYE ÈDTAN FONKSYÒNMAN, OSWA AVAN MAGAZEN AN  
OUVRI POU POPILASYON JENERAL LA.